



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PWOJÈ LWA KI EGZIJE RAPÒ ANYÈL SOU TWOUB
ITILIZASYON SIBSTANS PAMI MOUN KI NAN PRIZON YO**

***Lejislasyon (S2209/A540) lan egzije Biwo Sèvis Depandans ak Sipò a pou li fè mizajou
nan direktiv li yo pou tretman twoub itilizasyon sibstans***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S2209/A540) lan ki vize fè mizajou nan direktiv Biwo Sèvis Depandans ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) a sou rapò pou abi sibstans yo, kote li egzije rapò anplis konsènan sibstans yo pi itilize yo ansanm ak tretman moun resevwa yo. Li pral egzije tou rapò anyèl ki soti nan etablisman koreksyonèl yo.

"Nouyòkè yo ki ap lite avèk depandans yo bezwen èd ak sipò nou pandan yo pa travèse pwosesis rekiperasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akòz lejislasyon sa a, nou pral genyen plis konpreyansyon sou defi ke moun ki nan prizon yo ap fè fas pandan yo ap viv avèk twoub itilizasyon sibstans lan — sa ki ap ba nou zouti enpòtan ki nesèsè pou nou kontinye konbat kriz opyoyid la."

Lejislasyon an pral gen ladan pwèn done pou rapò yo tankou ki sibstans moun ki nan prizon yo itilize pi souvan, tretman ki disponib pou sibstans sa yo, kantite moun ki ap resevwa tretman sa yo, moman pandan yo nan prizon yo te kòmanse resevwa tretman an, kantite moun ki te egzeyate pou tretman, rezon pou egzeyat la, ak si wi oswa non egzeyat la konekte ak itilizasyon dwòg oswa izòlman solitè. Lwa a antre an vigè imedyatman.

Senatè Luis Sepúlveda te deklare, "Mwa sa a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lwa sou opyoyid ki vize diminye lanmò òvèdòz ki gen rapò ak dwòg nan tout Eta New York epi ankouraje moun ki ap soufri anba depandans yo chèche èd pou pwosesis rekiperasyon yo a. Jodi a Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa mwen an, S2209, pou li vini yon lwa ki egzije Biwo Sèvis Depandans ak Sipò a fè mizajou nan direktiv li yo pou tretman twoub itilizasyon sibstans koresyonèl yo an rapò avèk pi bon pratik yo epi li ap mande rapò anyèl konsènan done sou sibstans yo ke moun ki nan prizon yo gen depandans pi souvan ak yo a epi ki tretman yo resevwa. Done sa a pral gen ladan sibstans moun ki nan prizon yo itilize pi souvan yo. Sa pral ede nou konprann kantite moun ki ap resevwa tretman ak fason Eta a kapab pi byen bay sèvis yo pandan yo nan prizon an dekwa pou lè yo retounen lakay yo, yo pa retounen nan itilizasyon dwòg oswa opyoyid, epi nou espere sa ap geri depandans yo a pou yo vini manm pwodiktif nan sosyete a. Li enpòtan pou nou ogmante sansibilizasyon sou kriz opyoyid la non sèlman deyò a men nan etablisman koreksyonèl yo tou. Mwen ta renmen remèsyon Manm Asanble Linda Rosenthal dèske li te travay san fatig sou lejislasyon sa a avèk biwo mwen an. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li konpann enpòtans pou ede Nouyòkè ki nan prizon yo".

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Dekwa pou nou asire ke moun ki nan prizon yo ap reseva kounye a tretman pou twoub itilizasyon sibstans ak swen sante yo bezwen ak merite, nouvo lwa sa a pral egzije OASAS la aplike yon sipèvizyon global ak yon pwogram solid pou rapò. Twoub itilizasyon sibstans se yon pwoblèm ki te anvayi moun nan chak kominote nan Eta a, epi pa gen okenn lòt kote sa pi evidan pase nan prizon ak sant koreksyonèl nou yo kote jiska 80% nan moun ki nan prizon yo ap lite kont depandans. Avèk mezi sa a, yon konpanyon nan nouvo lwa a ki egzije tretman ki asiste ak medikaman pou sila yo ki nan prizon ak sant koreksyonèl yo, Eta New York pral resevwa rapò detaye sou bezwen aktyèl pou tretman twoub itilizasyon sibstans, sa ki ap pèmèt nou alwe resous nesesè pou asire nou satisfè bezwen chak moun. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a pou vini yon lwa ki ap aplike apwòch sou baz prèv pou twoub itilizasyon sibstans".

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418